

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang**

Basa téh mangrupa sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) jeung ragam (konvensional) di antara anggota masarakat. Lambang sora omongan mangrupa sistem anu miboga wangun jeung harti. Éta lambang sora téh dihasilkeun ku pakakas ucap manusa. Dipakéna basa téh dumasar kana karageman atawa kasapukan masarakatna. Tujuan atawa fungsi utama dipakéna hiji basa nya éta, pikeun pakakas atawa salaku alat komunikasi pikeun ngedalkeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) ka jalma lian atawa narima pesan ti nu lian. Basa miboga peran penting pikeun kahirupan manusa. Tanpa ayana basa, manusa moal bisa ngayakeun komunikasi.

Komunikasi, nya éta hiji kabutuhan fundaméntal salah sahiji jalma dina kahirupanana di masarakat. Salaku mahluk sosial, manusa miboga kahayang pikeun ngayakeun hiji hubungan jeung manusa lianna. Manusa hayang mikawanoh rupa-rupa kaayaan anu aya di sabudeureunnana.

Salian ti éta, manusa ogé hayang mikawanoh naon baé anu geus karandapan. Manusa miboga kaparigelan kodrati pikeun ngawasa basa anu dominan di lingkunganna séwang-séwangan.

Kalungguhan basa dina kontéks wacana, utamana dina kontéks wacana komunikasi ngawengku kumaha cara dina ngirimkeun pesen tina sistem saraf anu hiji ka sistem saraf anu lianna, tur miboga maksud pikeun ngahasilkeun hiji harti atawa ma'na. Ma'na basa mangrupa wujud tina ngagunakeun basa lumangsung kana situasi anu maké basa.

Dina ngarinci ma'na basa pikeun kontéks makéna basa, ahli séjénna méré sawangan ngeunaan ciri-ciri anu aya patalina jeung situasi anu kudu diidéntifikasikeun. Ciri anu aya patalina jeung panyatur tur pangregep, tempat lumangsungna komunikasi, sarta objék anu dicaritakeun, misalna mangrupa unsur-unsur dina makéna basa. Kalungguhan basa Sunda saméméh kamerdikaan, nya éta salaku basa pribumi, malah dina mangsa karajaan kungsi jadi basa nagara. Sabada puseur dayeuh Karésidénan Priangan dipindahkeun ti Cianjur ka Bandung, peranan kota Bandung téh dina mekarkeun budaya Sunda beuki undak. Basa Sunda di wewengkon Bandung leuwih undak kalungguhannana ti batan basa Sunda di wewengkon séjénna. Dina kalungguhannana jadi basa daérah, saperti anu dicindekeun ku *Seminar Politik Bahasa Nasional 1975* di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi: 1) lambang kareueus daérah, 2) lambang idéntitas daérah, 3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung

masarakat daérah, 4) basa panganteur di sakola dasar ti mimiti kelas I nepi ka kelas III, 5) pangrojong basa nasional, jeung 6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional (Sudaryat, 2010: 24-25).

Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh miboga ragam basa. Ari ragam basa téh disawang tina sababaraha jihat anu makéna jeung : 1) anu nyoko kana wewengkon, 2) anu nyoko kana tahap atikan, 3) anu nyoko kana sikep panyaturna, 4) anu nyoko kana basa omongan, 5) anu nyoko kana sarana, bisa lisan, bisa tulisan, jeung 6) anu nyoko kana pasosokna. Mun ditingali tina ragam basa (sarana), karya sastra mangrupa ragam makéna basa tinulis. Sabab, di antarana ngawengku atawa diwangun ku morfém, kecap, frasa, klausa, jeung wacana.

Wacana bisa dihartikeun (1) komunikasi pikiran ngaliwatan kecap-kecap, kedaling gagasan, paguneman atawa konvérsi, jeung (2) karangan, karya tulis, ceramah, hutbah, kuliah (Webster, 1983 dina Sudaryat, 1995:1). Wacana mibanda sifat kapragmatisan, anu ngawengku: 1) déiksis, 2) praduga, 3) implikatur, 4) adegan konvérsi, jeung 5) laku basa (Levinson, 1987 dina Sudaryat, 1995:11 ).

Déiksis asalna tina basa Yunani “*deiktikos*”, hartina hal anu nuduhkeun kalayan lumangsung. Déiksis dipaké pikeun ngébréhkeun fungsi kecap sultur, kecap panuduh, peran waktu, jeung sawatara ciri gramatikal katut léksikal lianna, anu dipatalikeun kana tempat jeung waktu lumangsungna komunikasi basa (Lyons, 1977 dina Sudaryat, 1995:11). Déiksis ieu dibagi jadi sababaraha jihat, nya éta: 1) acuannana, anu ngawengku déiksis persona, témporal, lokatif, jeung

sosial, 2) posisina, anu ngawengku déiksis anaforis, jeung kataforis, jeung 3) tipena, anu ngawengku déiksis éndoforis, jeung éksoforis.

Panalungtikan anu patali kana kapragmatisan wacana kungsi ditalungtik ku Rani (2010) ngeunaan Déiksis Éksoforis dina Novél *Kolébat Kuwungkuwungan Kinasih Katumbirian* pikeun Bahan Pangajaran di SMA. Salian ti éta, kungsi ditalungtik ku Éka (2010) ngeunaan Déiksis Persona dina Terjemahan *Q.S Al-Baqarah* pikeun Bahan Pangajaran di SMA/MA. Éta dua panalungtikan can lengkep dipedar. Sabab, henteu medar sakabéh wanda déiksis. Bédana jeung panalungtikan anu ditalungtik ayeuna nya éta, panalungtikan ayeuna medar sakabéh déiksis.

Ku kituna, panalungtikan ngeunaan Wanda Déiksis dina Novél *Béntang Pasantrén Karya Usép Romli H.M* pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA, perlu dilaksanakeun.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Déiksis bisa kapanggih dina rupa-rupa makéna basa, boh éta dina makéna basa lisan, atawa basa tinulis, boh dina wangun fiksi, atawa wangun nonfiksi. Déiksis bisa disawang tina sababaraha jihat, di antarana dumasar, 1) acuannana, anu ngawengku déiksis persona, témporal, lokatif, jeung sosial, 2) posisina, anu ngawengku déiksis anaforis, jeung kataforis, jeung 3) tipena, anu ngawengku déiksis éndoforis, jeung éksoforis.

### 1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Dumasar kana wanda acuannana, kecap déiksis naon waé anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M téh?
- b. Dumasar kana wanda posisina, kecap déiksis naon waé anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M téh?
- c. Dumasar kana wanda tipena, kecap déiksis naon waé anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M téh?
- d. Naha déiksis dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M cocog pikeun bahan pangajaran maca di SMA?

### 1.3. Tujuan Panalungtikeun

Tujuan ieu panalungtikan hayang ngadéskripsikeun wanda déiksis anu kapanggih dina novél *Béntang Pasantrén*, déskripsina ngawengku:

- 1) déiksis dumasar acuannana anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M;
- 2) déiksis dumasar posisina anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M;
- 3) déiksis dumasar tipena anu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M; jeung

4) bahan pangajaran maca paguneman dumasar kana déiksis anu aya dina novél

*Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.

#### **1.4. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **1.4.1. Méthode Panalungtikan**

Méthode dina panalungtikan kacida diperlukeun sangkan bisa ngahontal tujuan-tujuan anu geus diécéskeun. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif, nya éta méthode anu bisa ngungkulan masalah anu aktual ngagunakeun: (1) cara ngumpulkeun, di antarana: (a) maca novél *Béntang Pasantrén*, (b) nyirian kalimah anu ngandung wanda déiksis, jeung (c) nyirian kalimah anu ngandung wanda déiksis kana kartu. (2) nyusun papasingan, maksudna déiksis disusun dumasar kana wanda déiksisna (acuanana, posisina, jeung tipena). (3) nganalisis, diolah data déiksisna nepi ka kapaluruh naha éta téh kaasup kana déiksis dumasar acuannana, posisina, atawa tipena, jeung (4) napsirkeun data, maksudna nyindekeun déiksis dumasar acuanana, posisina, atawa tipena.

Dumasar kana méthode déskriptif, déiksis nu kapaluruh dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M dikumpulkeun, dipasing-pasing, dianalisis, jeung ditafsirkeun.

#### 1.4.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta studi dokuméntasi anu dipaké pikeun néangan, jeung ngumpulkeun data. Ari ngolah data, jeung nganalisis datana maké téhnik analisis téks. Kalawan pakakas anu dipaké pikeun ngumpulkeun datana, nya éta ngagunakeun kartu data.

#### 1.5. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan wanda déiksis dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M, di antarana:

- a. Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan déiksis dina katatabasaan anu leuwih jembar deui.
- b. Pikeun guru bisa dijadikeun pilihan dina raraga nepikeun bahan pangajaran ngeunaan déiksis.
- c. Pikeun anu maca, bisa dijadikeun bahan informasi sangkan leuwih jembar deui pangaweruhna anu patalina jeung déiksis.
- d. Pikeun data ulikan basa Sunda satuluyna.

### 1.6. Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi disusun dina lima bab. Bab 1 Bubuka ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode jeung téhnik panalungtikan, mangfaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

Dina Bab 2 Landasan Tiori, dipidangkeun wangenan déiksis, acuan déiksis, posisi déiksis, tipe déiksis, wangenan novél, novél salaku karya sastra, novél salaku wacana, jeung bahan pangajaran déiksis basa Sunda.

Dina Bab 3, Métode Panalungtikan, dipidangkeun métode panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung wangenan operasional.

Dina Bab 4, Analisis Wanda Déiksis dina Novél *Béntang Pasantrén* Karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA, didadarkeun data jeung hasil panalungtikan.

Minangka Panutup, dina Bab 5 ditepikeun kacindekan jeung saran.